




**Cleveland Clinic**  
Florida

Dwa ak  
Responsablite  
Pasyan yo





# Kòm yon pasyan, ou genyen dwa...

## Konfidansyalite Pèsonèl/vizit

- Pou trete avèk koutwazi ak respè.
- Pou fè yo respekte ak apresye dinyite endividyèl ou.
- Pou fè yo kenbe enfòmasyon sou sante ki idantifyab ou yo pwoteje ak konfidansyèl.
- Pou jwi konfidansyalite pèsonèl ak yon anviwònman an sekirite, pwòp epi pou fè nou konnen si ou ta renmen limite vizitè oswa apèl telefonik ou yo.
- Pou deside ak konsanti kilès ki kapab vizite ou (manm fanmi, zanmi, konjwen, mennaj, ki genyen pami yo konjwen ak mennaj menm sèks) ak pou retire oubyen refize konsantman sa nenpòt kilè.
- Pou deziye yon moun pou sipò ki pou deziye vizitè yo nan non ou ke ou menm t'ap kapab fè menm jan.
- Pou yon moun k'ap bay sipò akonpanye ou selon chwa ou pou aksede ak zòn pou pasyan yo lè w ap resevwa tretman pasyan entèn oswa ekstèn yo oswa lè w al konsilte nan men founisè swen sante ou, omwen ke lè w ap fè sa ap riske sekirite oswa sante ou, lòt pasyan yo, oswa moun k'ap bay swen nan etablisman an oswa biwo a, oswa si li pa kapab akomode yon jan ki rezonab ak etablisman an oswa founisè a.

## Sekirite

- Pou lib de tout fòm abi oswa asèlman.
- Pou aksede ak sèvis pwotektif ak pledwaye.
- Pou konnen ke restriksyon yo ap itilize sèlman lè li nesèsè pou asire sekirite ou ak lòt moun yo.

## Valè Kiltirèl ak Espirityèl yo

- Pou fè valè, kwayans, ak preferans kiltirèl, psikolojik, espirityèl ak pèsonèl ou yo rive respekte.
- Pou aksede ak sèvis pastoral ak lòt espirityèl yo.

## Aksè ak Swen

- Pou resevwa swen san patipri san gade sou laj ou, ras, koulè, orijin nasyonal, kilti, etnisite, lang, estati sosyoekonomik ou, relijyon, andikap fizik oswa mantal ou, sèks, oryantasyon seksyèl, oswa idantite oubyen ekspresyon seksyèl ou, oswa jan ou peye.
- Tretman pou nenpòt kondisyon medikal ijans, ki kapab deteryore akòz de tretman ki pa rive fèt.
- Pou mande pou yon chanjman founisè swen ou oswa yon dezyèm opinyon.

## Gen Aksè a Enfòmasyon

- Pou yon repons rapid ak rezonab pou kesyon ak demann yo.
- Pou konnen regleman ki ap reji swen ou yo ak kondwit ou.
- Pou konnen ke lopital Cleveland Clinic yo se lopital pou ansèyman epi kèk nan founisè w yo kapab nan fòmasyon; pou mande ak founisè w yo si yo nan fòmasyon.
- Pou konnen non ak tit pwofesyonèl founisè ou yo.
- Pou konnen ki sèvis sipò pasyan ki disponib.
- Pou yo di w kisa w bezwen konnen sou kondisyon sante ou aprè yo egzeyate ou oswa yon vizit biwo.
- Pou enfòmè sou oswa patisipe nan desizyon ki afekte swen ou, estati sante, sèvis oswa tretman ou.
- Pou konprann dyagnostik ou yo, eta ak tretman ou, plan pou swen ou, pwonostik ou, epi pran desizyon ki eklere sou sante ou aprè yo fin konseye ou sou risk konsiderab yo, avantaj yo, ak altènativ yo.
- Pou enfòmè sou efè endezirab sanzatann yo.
- Pou fè demann yon revizyon sou chat medikal ou avèk founisè ou yo pandan sejou ou nan lopital la.
- Pou resevwa, sou demann, enfòmasyon konplè ak konsèy nesèsè sou disponibilite resous finansyèl yo ki rekonèt pou swen ou.
- Si ou admisib pou Medicare, pou konnen, sou demann ak avan tretman, si founisè swen sante a oswa etablisman sante a asepte to atribisyon Medicare la.
- Pou resevwa yon estimasyon rezonab frè swen medikal yo sou demann avan tretman an.
- Pou resevwa yon kopi yon fakti detaye epi klè yon jan ki rezonab ak konpreyansib ak sou demann, pou fè esplikasyon frè yo.

## Kominikasyon

- Pou resevwa enfòmasyon ke ou kapab konprann.
- Pou refize tout swen, tretman, ak sèvis esepse dispozisyon ki bay pa lalwa
- Pou di “wi” oswa “non” pou tretman eksperymantral oswa pwosedi yo ak pou jwenn konsèy lè yon medsen konsidere ou fè pati yon pwogram rechèch medikal. Tout rechèch medikal pase pa yon pwosesis espesyal ke lalwa egzije ki egzamine pwoteksyon pasyan yo ki enplike nan rechèch la, ki genyen ladan l konfidansyalite. Nou p'ap kapab enplike nan okenn rechèch medikal san nou pa pase pa pwosesis espesyal sa a. Ou kapab refize oubyen retire nenpòt kilè san konsekans nan swen ou.
- Pou genyen aksè ak yon entèprèt ak/oswa sèvis tradiksyon yo san okenn frè. Entèprèt Lang-Dè-Siy Ameriken (American Sign Language) yo disponib.



- Pou konnen rezon tout chanjman ki pwopoze pami medsen tretan/pèsonèl pwofesyonèl ki responsab pou pran swen ou.
- Pou konnen rezon pou transfere swa anndan oswa deyò lopital la.
- Pou fè depi davans direktiv yo ak pou fè yo swivi.
- Pou dezinye legalman yon lòt moun pou pran desizyon pou ou si ou ta vin enkapab pou fè sa, epi pou fè moun sa apwouve oswa refize swen, tretman, ak sèvis yo.
- Pou fè fanmi ou oswa yon reprezantan ou enplike nan swen, desizyon tretman ak sèvis yo, jan lalwa pèmèt sa.
- Pou fè fanmi ou oswa yon reprezantan ou chwazi ak pwòp medsen ou, si yo mande, jwenn enfòmasyon sou ospitalizasyon ou.
- Pou ou swete ou swiv konsènan don ògàn, lè ou fè sa yo vle li te konnen, an akò ak lwa ak règleman.

## Jesyon Doulè

- Pou evalye ak jere kòrèkteman doulè.

## Divilgasyon yo

- Pou fè demann yon lis divilgasyon sou sante ou, ak pou kapab aksede epi fè demann pou modifye dosye medikal ou jan lalwa pèmèt sa.
- Pou konnen relasyon lopital la genyen ak lòt moun yo oswa òganizasyon yo pou patisipe nan pwovizyon swen.

## Anrejistre ak Filme

- Pou founi konsantman depi davans avan yo fè anrejistreman, fim, oswa lòt imaj ki kapab itilize pa deyò.

## Preyokipasyon, Plent, oubyen Dòleyans

- Pou resevwa repons rapid pou demann sèvis ou yo, yon jan ki rezonab.
- Pou enplike nan rezoud pwoblèm ki enplike nan pwòp swen ou, tretman, ak sèvis ou yo.

**Pou eksprime preyokipasyon ou yo, plent ou ak/oswa yon dòleyans ak pèsonèl lopital ou a. Ou kapab fè sa lè ou kontakte biwo Ombudsman ou an nan:**

- **Cleveland Clinic Martin Health Ombudsman Office.**  
Rele nou nan 772-223-4995. Ekri nou nan 200 SE Hospital Ave, Stuart, FL, 34994.
- **Cleveland Clinic Ombudsman Office.**  
Rele nou nan 216-444-2544 or 800-223-2273 ext. 42544.  
Ekri nou nan: Desk S18, 9500 Euclid Avenue, Cleveland, Ohio, 44195.
- **Cleveland Clinic Weston Ombudsman Office.**  
Rele nou nan 954-689-5545. Ekri nou nan 2950 Cleveland Clinic Boulevard, Weston, FL, 33331.

## Pou fè yon plent, ou kapab kontakte ajans swivan yo:

- **The Joint Commission**, Biwo Liy Enfòmasyon Sou Kalite ak Sekirite Pasyan yo (Office of Quality and Patient Safety Information Line). Rele nan 800-994-6610. Faks: 630-792-5636; Adrès Pòstal (Mailing Address): The Joint Commission, One Renaissance Boulevard, Oakbrook Terrace, IL 60181; Sitwèb: <https://www.jointcommission.org/resources/patient-safety-topics/report-a-patient-safety-event/>
- **Ajans pou Jesyon Swen Sante** (Agency for Healthcare Administration). Rele nan (888) 419-3456 oswa (800) 955-8771 Florida Relay Service (TDD number), 2727 Mahan Dr., Tallahassee, FL., 32308. Sitwèb: <https://apps.ahca.myflorida.com/hcfc/>
- **Depatman Etazini pou Sèvis Sante ak Imanitè** (U.S. Department of Health and Human Services), Biwo Dwa Sivil (Office of Civil Right, OCR). Plent kapab depoze elektwonikman nan pòtay plent OCR nan <https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf> oubyen pa imel oswa telefòn nan Depatman Etazini pou Sèvis Sante ak Imanitè (U.S. Department of Health and Human Services), 200 Independence Avenue SW., Room 509F, HHH Building, Washington DC, 20201, 1-800-368-1019, 800-537-7697 (TDD). Fòmilè plent yo disponib nan <http://www.hhs.gov/ocr/office/file/index.html>
- **Depatman Sante Florida** (Florida Department of Health) nan 1-850-245-4339. Sitwèb: <https://www.flhealthcomplaint.gov/>
- **KEPRO Quality Improvement Organization for Medicare's Beneficiaries** (BFCC-QIO). Rele 888-317-0751, Telefòn Lokal 813-280-8256, TTY\*855-843-4776 Toll-gratis, Fax\*\*844-878-7921. Adrès Postal (Mailing Address): 5201 West Kennedy Blvd., Suite 900, Tampa, FL 33609.
- Pou preyokipasyon finansyè kontakte **Divizyon Sèvis Konsomatè** (Division of Consumer Services) nan 877-MY-FL-CFO or 877-693-5236.

# Kòm yon pasyan, se responsablite ou...

## Founi Enfòmasyon ki Pètinan

- Pou ba nou enfòmasyon konplè epi ki presi sou sante ou, ki genyen ladan yo ospitalizasyon presedan ou yo, istwa medikal, plent prezan, ak tout lòt medikaman ou ap pran yo.
- Pou enfòm nou sou chanjman nan eta ouwa sentòm ou yo, ki genyen ladan yo doulè.

## Poze Kesyon ak Swiv Konsèy yo

- Pou fè nou konnen si ou pa konprann enfòmasyon nou ba ou sou eta ou oswa tretman ak sa y'ap ret tann nan men ou.
- Pou pale pi fò. Kominike preyokipasyon ou yo ak tout anplwaye pi bonè posib — ki genyen ladan l tout manm ekip, direktè, administratè, oswa pwotektè pasyan.

## Refize Tretman ak Asepte Konsekans yo

- Pou swiv konsiy ak konsèy nou yo, se pou ou konprann ke ou dwe asepte konsekans yo si ou refize.

## Esplikasyon sou Frè Finansyèl

- Peye fakti ou yo oswa pran dispozisyon pou reponn pi rapidman posib, obligasyon finansyèl ou yo ki soti nan pran swen ou.

## Swiv Règ ak Règleman yo

- Pou swiv règ ak règleman nou yo.
- Pou kenbe randevou pwograme ou oswa fè nou konnen si ou pa kapab kenbe yo.
- Pou kite afè pèsònèl ou yo lakay ou oswa pou fè manm fanmi ou yo pran tout atik ak rad kay yo pandan ou entènè.

## Respè ak Konsiderasyon

- Pou ou prevenan ak kooperatif avèk lòt yo.
- Pou ou respekte dwa ak pwopriyete lòt yo.
- Pou montre respè ak koutwazi san diskriminasyon anvè founisè ou yo.



**Cleveland Clinic**  
**Florida**

© 2020 The Cleveland Clinic Foundation. All Rights Reserved.

V 11/2020